

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nya éta salah sahiji pamarekan anu dumasar kana filsafat postpositivisme (nyawang réalitas sosial salaku hiji hal nu holistik atawa gembleng, dinamis, miboga ma'na, jeung miboga hubungan gejala nu sifatna interaktif), anu dipaké pikeun nalungtik dina kaayaan obyékna anu alamiah (obyék anu mekar ku kaayaan sorangan, tanpa ayana pangaruh ti panalungtik). Dina ieu panalungtikan, panalungtik miboga peran salaku instrumen konci; di mana téknik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis data miboga sifat nu induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana ma'na (Sugiyono, 2011, kc. 8-9).

Salian ti éta, Moleong dina Arikunto (2013, kc. 22) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Ieu pamarekan bisa dihartikeun salaku pamarekan anu ngagunakeun prosedur analisis. Ku kituna, hal anu ditalungtik téh telaahna leuwih jero tur teleb, sangkan bisa kacangking ma'nana.

Ratna (2013, kc. 46) ogé nétélakeun yén pamarekan kualitatif maham kana maksud tina kajadian-kajadian jeung interaksi manusa dina hiji kaayan anu tangtu. Anu diutamakan dina panalungtikan kualitatif nya éta sakumaha jerona pamahaman interaksi konsép-konsép anu keur ditalungtik (Semi, 1993, kc. 11).

Patali jeung katerangan para ahli di luhur, Bodgan & Biklen dina Semi (1992, kc. 30-32) nétélakeun yén pikeun maham kana ma'na nu ditalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif, panalungtik kudu mikawanoh tur maham kana sawatara ciri pamarekan kualitatif, di antarana: 1) latar alamiah (*natural setting*), anu mangrupa sumber data jeung panalungtik salaku instrumén konci; 2) panalungtikan kualitatif sipatna déskriptif, hartina datana dina wangun kecap atawa gambar, lain dina wangun angka; 3) leuwih ngutamakeun prosés lain hasil; 4) analisis datana sacara induktif; jeung 5) leuwih tujul kana ma'na.

Numutkeun Semi (1992 kc. 38-39) léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina panalungtikan kualitatif, nya éta 1) nyusun konsép, dina ieu kagiatan, panalungtik diperedih pikeun ngarumuskeun masalah; 2) ngumpulkeun bahan-bahan anu ngarojong kana panalungtikan, boh kapustakaan boh informan; 3) ngalaksanakeun panalungtikan, dina ieu kagiatan, panalungtik ngumpulkeun data, nyatet data, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaklasifikeun data; 4) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, dina ieu tahap, panalungtik ngalaksanakeun analisis data, interprétasi, jeung ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu satuluyna dilakukeun kagiatan ngarumuskeun kacindekan. Salila prosés ngumpulkeun data lumangsung, panalungtik bisa ngarobah konsép anu geus aya jeung bisa nyusun deui konsép anu anyar.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2013, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis nya éta métode anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, anu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna, anu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik diperedih pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya dina obyék anu rék dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analisis téh nya éta métode anu dilaksanakeun pikeun meunangkeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung ajén moral anu aya dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi, anu satuluyna hasil analisis struktur carita jeung ajén moral dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra di kelas XI SMA.


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gambaran umum panalungtikan anu mangrupa prosés atawa runtuyan léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Numutkeun Narbuko jeung Abu A. (2009, kc. 57) léngkah panalungtikan nya éta runtuyan prosés panalungtik ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon ieu desain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék asal (ti mana) data dibeunangkeun. Upamana panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi pikeun meunangkeun sumber data panalungtikanna, dokumén atawa catetan anu jadi sumber datana, sedengkeun eusi éta catatan mangrupa subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 172). Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi.

3.2.1 Déskripsi Buku

Buku novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi dipedalkeun ku PT Kiblat Buku Utama, citakan kahiji bulan Muharram 1437 H atawa Nopémber 2015. Tapi, saméméhna ieu novél kungsi dipedalkeun ogé ku Pusaka Sunda (citakan kahijina) dina taun 1967. Ukuran ieu buku novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* nya éta


20,5x14,5 cm. Kandalna 58 kaca, anu ngawengku lima épisode; 1) épisode kahiji (kaca 5-19) nyaritakeun tokoh Anjar anu hayang salamet tina pangrogahala jalma-jalma panitah Juragan Haji, anu rék newak manéhna lantaran nusuk Koprál Kacamatan (Mas

Opang); Koprál anu sok nunutur Juragan Haji. Dina ieu bagian ogé, dicaritakeun yén Anjar anjok di hiji leuweung geledegan anu ahéng, lantaran manggihan

saung jeung buruan anu bangun ngahaja dipiara. Anjar ogé dina ieu bagian mimiti panggih jeung Kiai Ngesti nu engkéna bakal jadi guruna, tur nyaritakeun pasualanna; 2) épisode kadua (kaca 20-25) nyaritakeun ngeunaan Kiai Ngesti, ti mimiti identitasna nepi ka lalakonna nalika sanggeus jeung saméméh ngajrek di

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu



Gambar 3.2
Jilid Buku Hareup jeung Tukang

éta leuweung; 3) épisode katilu (26-35) nyaritakeun tokoh Anjar anu hayang diajar élmu dunya (salah sahijina silat jeung moral) jeung akhérat (salah sahijina percaya kana ayana Allah Swt., jeung diajar ngaji; 4) épisode kaopat (36-57) nyaritakeun Haji Husén anu nanggap pencak silat dina poé hajatan budakna disunatan. Harita jol datang Si Darga, salah sahiji bangsat anu mindeng ngaganggu warga. Si Darga nantang sakumna jawara silat sangkan daék ngalawan manéhna. Harita sakabéh murid Haji Husén jeung Haji Salim éléh, ngan untungna aya Anjar anu bisa ngéléhkeun Si Darga. Anjar harita keur mancén, néangan kitab pusaka Kiai Ngesti anu dipaling ku murid mimitna nya éta Darma Lingga; 5) épisode kalima (kaca 58) nyaritakeun Anjar anu dipulung jadi anak ku Haji Husén jeung minantu ku Haji Salim. Harita geus ditangtukeun yén poé kawinna opat puluh poé deui. Éta waktu dipaké ku Anjar pikeun néangan indungna (sangkan nungkulan poé kawinna) jeung néangan kitab pusaka sarta ngélingan atawa ngabinasakeun Darma Lingga, éta mangrupa pancén ti Kiai Ngesti saméméh mulang ka sarakan pangbalikan.

Dina jilid hareup, katulis *genre* ieu novél nu mangrupa carita silat. Katulis ogé ngaran pangarangna, nya éta Achmad Rustandi, jeung penerbitna nya éta PT. Kiblat Buku Utama. Salian ti éta, katulis ogé judul ieu novél nya éta *Anjar Lawan Raja Bangsat*, jeung salah sahiji déskripsi carita ngaliwatan gambar Anjar mimiti papanggih jeung si Mawat (maung piaraan Kiai Ngesti) di dapur.

Satuluyna, dina kaca panghareupna (kahiji) katuliskeun Biografi pangarangna nya éta Achmad Rustandi, judul ieu novél, pangarangna, jeung penerbitna. Dina kaca kadua, katuliskeun judul, hak cipta, penerbit katut alamatna, nu ngarancang jilid, nomor jeung citakan, sarta ISBN ieu novél.

Sedengkeun dina jilid tukang, katulis sinopsis (gurat badagna) ieu carita, nya éta:

“Anjar Lawan Raja Bangsat, mangrupa buku kahiji dina Serial Anjar, nyaritakeun cukang lantaran Anjar jadi murid Kiai Ngesti, jagoa silat sepuh nu kawentar di sakuliah tatar Sunda sarta mangtaun-taun jadi buronan lantaran ngabéla rahayat leutik ngalawan Walanda. Anjar sorangan, nu basa amprok jeung Kiai Ngesti kakara umur 15 taun, anak hiji-hijina ti randa sodagar nu kabeulit ku hutang urut salakina. Nempo indungna dihina rék dijieun kaulinan, manéhna keuheul lain meumeueusan nepi ka wani nubleskeun keris ka Koprul utusan Haji tukang ngaréntenkeun duit téa. Anapon Raja Bangsat dia ieu buku

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

nya éta murid Kiai Ngesti manten an salna mémang bangsat tapi ditulungan ku Kiai Ngesti tur ngaku hayangeun babalik pikir, tapi sanggeus meunang élmu bali deui kana kahirupan bangsat, malah sempet maok Kitab Pusaka kagungan Kiai sagala.”

Dina ieu jilid, katulis ogé PT Kiblat Buku Utama salaku penerbitna, jeung nomor ISBN ieu novél.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Létjén H. Achmad Rustandi, S.H. gumelar di Bandung, 1 Maret 1941. Perwira Tinggi AD, anggota tuluy jadi Ketua Fraksi ABRI DPR-RI (1993-1998, 1998), Wakil Ketua Mahkamah Konstitusi (2003-2008), dosén, jeung pangarang.

Satamatna ti SMA, nyuprih élmu di FH-UNPAD Bandung (lulus taun 1964), tuluy asup AD nepi ka jadi perwira tinggi. Waktu di SMA jeung paguron luhur loba nulis sajak, carita pondok, artikel, sarta ngarang carita silat dina basa Sunda. Sajak jeung tulisan séjénna bisa dibaca dina surat kabar *Sipatahoenan*, majalah *Manglé*, jsté. Carita silatna anu kasohor nya éta serial *Anjar*—di antarana: 1) *Anjar Lawan Raja Bangsat*, 2) *Anjar Tepung jeung Indung*, 3) *Anjar jeung Rampog Geulis* (1967)—jeung sérial *Layung Inten* (1970), anu eusi caritana dieuyeuban ku da'wah Islam, pikeun nepikeun papagon agama supaya hirup salawasna aya dina jalan anu dipikarido ku Allah Swt.



Gambar 3.3
Achmad Rustandi

Sajaba ti jadi dosén téh, Achmad Rustandi kungsi nyekel kalungguhan salaku Réktor UNINUS sarta aktif di Yayasan Universitas Islam Nusantara (salaku jalma nu ngokolakeun Universitas Islam Nusantara).

Buku-bukuna nu kantos medal di antarana: *Ilmu Filsafat, Agama* (1971), *Islam, Marxisme, Liberalisme, Nasionalisme* (1971), *Tatanegara Indonesia* (1971), *Rule of Law versi Islam* (1977), *Pengantar Hukum Positif Indonesia* (1978), *Pengantar Teori Hukum* (1978), *Responsi Filsafat Hukum* (1982), *Kuliah Pancasila* (1990), *Komentor atas Undang-undang Peradilan Agama* (1991), *Ensiklopedia Dasar Islam* (1993), jsté.

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Nganalisis Data

Ngumpulkeun data mangrupa hiji pagawéan anu kacida pentingna dina panalungtikan. Éta hal balukar tina hiji panalungtikan anu merlukeun sababaraha léngkah panalungtikan pikeun meunangkeun data jeung hasil anu akurat, sangkan naon nu ditalungtik saluyu jeung rumusan masalah panalungtikan.

Numutkeun Arikunto (2013, kc. 265) instrumen ngumpulkeun data anu sipatna masih umum bisa dilakukeun ku cara ngagunakeun pedoman wawancara jeung niténan objék anu ditalungtik. Salian ti éta, Sugiyono (2011, kc. 224-225) nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa *setting*, sumber, jeung cara. Saumpama ditilik tina *setting*-na, data bisa dikumpulkeun dina *setting* alamiah (*natural setting*), dina laboratorium ku cara ngagunakeun métode ékspérimen, di imah ku rupa-rupa réspodén, dina kagiatan seminar, diskusi, jrrd. Saupama ditilik tina jihat sumber datana, ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku cara ngagunakeun sumber primér jeung sumber sekundér. Sumber data primér nya éta sumber data anu langsung méré data ka panalungtik, sedengkeun sumber data sekundér nya éta sumber data anu teu langsung méré data ka panalungtik, misalna bisa ngaliwatan jalma lian atawa dokumén. Satuluyna, saumpama ditilik tina jihat cara atawa téhnik ngumpulkeun data, ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku cara nitenan, wawancara, angkét, dokuméntasi, jeung gabungan éta opat cara.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah anu paling poko (stratégis) dina hiji panalungtikan, éta hal balukar tina tujuan utama panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data. Tanpa mikanyaho téhnik ngumpulkeun data, panalungtik moal bisa meunangkeun data anu nyumpunan standar data nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224)

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung

objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Numutkeun Bogdan dina Sugiyono (2011, kc. 244) yén analisis data dina panalungtikan kualitatif bisa dihartikeun salaku prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis, data anu geus dibeunangkeun tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan lianna, nepi ka bisa dilenyepan jeung pamanggihna bisa diinformasikeun ka jalma lian. Éta analisis data dilakukeun ku cara ngaorganisasikeun data, ngajabarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih mana anu penting jeung bakal diajarkeun, jeung nyieun kacindekan nu bisa dicaritakeun ka jalma lian.

Dina ieu panalungtikan, hal nu dianalisis nya éta struktur carita jeung ajén moral dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi. Struktur carita anu dianalisis dumasar kana téori Stanton, anu ngawengku téma carita, fakta-fakta carita (ngawengku galur, karakter, jeung latar), jeung sarana-sarana sastra (ngawengku judul, puseur implengan/*point of view*, gaya, nada/*tone*, simbolisme, jeung ironi). Sedengkeun ajén moral anu dianalisis dina ieu panalungtikan dumasar kana téori Warnaen, dkk. nya éta: 1) moral manusa ka Gustina, 2) moral manusa ka diri pribadina, 3) moral manusa ka manusa séjénna, 4) moral manusa ka alamna, 5) moral manusa kana waktu, jeung 6) moral manusa dina gudag kasugeman lahiriah jeung batiniahna. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisisna nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun eusi novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi, dina wangun ringkesan carita. Dina ieu tahap, sakabéh data anu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah anu bakal ditalungtik.
- 2) ngaklasifikasikeun data anu geus didéskripsikeun luyu jeung masalah nu geus ditangtukeun. sanggeus novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi ditulis ringkesanana, diklasifikasikeun struktur caritana dumasar kana téori Stanton, anu ngawengku téma carita, fakta-fakta carita (ngawengku galur, karater, jeung latar), jeung sarana-sarana sastra (ngawengku judul, puseur implengan/*point of view*, gaya, nada/*tone*, simbolisme, jeung ironi).

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

- jeung ajén moral dumasar kana téori Warnaen, dkk., nya éta: 1) moral manusa ka Gustina, 2) moral manusa ka diri pribadina, 3) moral manusa ka manusa séjénna, 4) moral manusa ka alamna, 5) moral manusa kana waktu, jeung 6) moral manusa dina gudag kasugeman lahiriah jeung batiniaha
- 3) ngayakeun analisis kana data anu geus diklasifikasikeun dumasar kana kelompok masalahna séwang-séwangan. Ieu panalungtikan leuwih nyoko kana unsur karakter (tokoh jeung watek) anu engkéna bakal jadi dadasar atawa bahan pikeun nganalisis ajén moral.
 - 4) napsirkeun hasil analisis data pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.
 - 5) ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun meunangkeun data anu pangbenerna, nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.

3.4 Interpretasi Data

Sanggeus didéskripsikeun jeung dianalisis dumasar kana kelompok masalahna séwang-séwangan, data satuluyna diinterpretasikeun. Ieu interpretasi dipaké nalika ngagambarkeun hubungan antar unsur anu aya dina ieu novél, tujuanna sangkan meunangkeun ma'na tina hasil analisis anu bener-bener akurat. Salian ti éta, interpretasi data ogé dipake pikeun ngajén novél anu keur ditalungtik.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung ngaklasifikasilkeun data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data mangrupa bahan anu kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah anu keur ditalungtik. Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013 kc. 262). Instrumén panalungtikan ogé dipaké sangkan nganalisis data bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé.

Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeu data dina wangun cutatan-cutatan carita anu aya dina novél *Anjar Lawan Raja Bangsat*

Erik Eriansyah, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL ANJAR LAWAN RAJA BANGSAT
KARYA ACHMAD RUSTANDIPIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI KELAS XI SMA
Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu perpustakaan.upi.edu

karya Achmad Rustandi, nu nyoko kana indikator-indikator anu baris dianalisis nya éta ngeunaan struktur carita jeung ajén moral. Ieu di handap mangrupa gambaran ngeunaan kartu data anu bakal dipaké dina ieu panalungtikan.

1) Kartu Data Struktural

Tabél 3.4
Kartu Data Struktural

No.	Struktural (Téma, Fakta Carita, Sarana Carita)	Cutatan Carita	Kode Data
1.			ALRB/D/KC
2.			ALRB/P/KC
3.			ALRB/P/KC

Keterangan:

- a. ALRB (Anjar Lawan Raja Bangsat)
- b. D (Dialog)
- c. P (Paragraf)
- d. KC (Kaca)

2) Kartu Data Ajén Moral

Tabél 3.5
Kartu Data Ajén Moral

No.	Sikep	Kode Data	Cutatan Carita	Ajén Moral Dumasar kana Téori Warnaen, dkk.					
				1	2	3	4	5	6

Keterangan:

- a. Sikep. Dina éta tabél disebutkeun sikep unggal tokoh dina ngalakukeun hiji laku-lampah dumasar kana cutatan carita. Contona jujur, wijaksana, adil, getol, jrrd.
- b. Kode Data. Dina éta tabél dituliskeun judul novél jeung kaca kapanggihna data nu diperlukeun nalika analisis.
- c. Cutatan Carita. Dina éta tabel dituliskeun ungkara carita nu ngajéntrékeun unggal ajén moral (dumasar kana téori Warnaen, dkk) nu nyangkaruk dina ieu novél.
- d. Ajén moral dumasar kana téori Warnaen, dkk. di antarana:
 - 1 = Moral Manusa ka Gustina (MMKG).
 - 2 = Moral Manusa ka Diri Pribadina (MMKDP).
 - 3 = Moral Manusa ka Manusa Séjénna (MMKMS).
 - 4 = Moral Manusa ka Alam (MMKA).
 - 5 = Moral Manusa kana Waktu (MMKW).
 - 6 = Moral Manusa dina Ngudag Kasugeman Lahiriah jeung Batiniahna (MMNKLB).